



**Built to Lead**

Pou piblikasyon imedya: 06/30/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LAVANT TIKÈ ALAVANS POU GWO FWA ETA NEW YORK 2016 APATI 1YE JIYÈ SOU ENTÈNÈT AK NAN MAGAZEN YO NAN TOUT ETA**

***Lavant tikè alavans pral ofri 40 pousan ekonomi sou pri admisyon yo ak rabè nan tour espektak Wade***

***Tèm Fwa 2016 la, “Find Your Great,” ankouraje patisipan Fwa yo pou eksperimante nouvo teren fwa transfòme a***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke lavant tikè alavans pou Gwo Eta New York 2016 la prale nan lavant demen 1ye Jiyè a minwi sou entènèt ak nan magazin yo nan tout eta. Lavant tikè alavans, sa ki rete pami sa ki pi ba nan fwa eta nan peyi a nan sèlman \$6, pral ofri patisipan fwa yo 40 pousan nan ekonomi sou pri admisyon yo pandan nenpòt nan 12 jou Fwa ak pri rabè anplis pou tour espektak Wade Midway.

“Pap janm gen yon fwa tankou Gwo Fwa Eta New York 2016 la, avèk yon etablisman transfòme ki pral amelyore eksperyans patisipan fwa yo epi make kòmansman yon nouvo epòk pou Fwa a,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Teren fwa pat sibi yon gwo renovasyon pandan plis pase yon syèk, e avèk anpil atraksyon enteresan, nouvo adisyon ak anpil tradisyon, sa pral yon fwa ke ou pap vle rate.”

Admisyon tikè alavans disponib [isit la](#) oswa nan plizyè santèn Wegmans, Price Chopper, Tops oswa Express Mart outlets nan Eta New York. Tikè yo disponib tou nan detayan patisipan yo, avèk lis konplè a ki disponib [la](#).

Nouvo ane sa a, admisyon nan Fwa enkli nan acha Pass Destiny USA Summer Fun Day, ki disponib [isit la](#).

**Rabè Midway**

Bon pou ekonomize lajan pou tour sou espektak Wade Midway a egalman nan lavant sou entènèt [la](#) ak nan kèk magazin detayan apati vandredi. Yon bon ki valab pou braslè tour pandan tout yon jounen pou espektak Wade Midway se \$20 e li valab lendi jiska vandredi sèlman, pandanke braslè \$25 valab pou wikenn yo. Yon Bon pou Mega Pass, pou \$70 sa ki pèmèt yon moun ki pral nan fwa monte tour midway chak jou nan fwa. Moun yo ki achte braslè oswa Mega Passes sou entènèt pral resevwa kupon ke yo ka reklame nan espektak Wade Midway pandan Fwa a.

Espektak Wade la ofri yon lòt pwomosyon spesyal nan mèkredi yo, 31 out avèk braslè ki bon pou 10 tour ki disponib pou \$10. Espektak Wade la rekòmande pou paran yo wè egzijans otè ak restriksyon sou entènèt [isit la](#) anvan yo achte yon braslè oswa tikè pou timoun yo.

### **Jou Admisyon Rabè**

Jou spesyal ki deziyen ak pwomosyon adisyonèl fè Fwa vin menm pi abòdab. Admisyon pou de Jedi nan Fwa se sèlman \$3, e jou final la Labor Day, onore gason ak fi kap travay yo avèk pi bon òf nan nenpòt Fwa Etazini -- \$1 admisyon ak \$1 tour Midway pandan tout jounen an, kouwone avèk yon konsè bann Rock n' Roll Hall Of Fame Chicago ak fedatifis. Tikè sou entènèt pou twa dola Jedi ak Jou dola nan Labor Day pral disponib sou entènèt nan fen ete sa, oswa patisipan fwa yo ka peye tou avèk lajan kach nan baryè a. Admisyon tou timoun laj 12 ane ak pi ba gratis.

Yo ka itilize lavant tikè regilye alavans pou admisyon nan jou sa yo, men yo pap bay ranbousman pou diferans lan nan pri dacha a. Anpil jou spesyal bay admisyon gratis nan Fwa pou sèten gwoup, sa ki gen ladan Jou Lapolis (26 Out), Jou pou Moun Aje (29-30 Out), Jou Ponpye (30 Out), Jou Fòs Lame (1ye Septanm), ak Jou sis nasyon ak Jou Etidyan (2 Septanm). Wap jwenn detay sou jou spesyal yo nan <http://nysfair.ny.gov/your-visit/special-fair-days/>.

Yo pral pwomote Lavant tikè alavans avèk transfòmasyon Fwa nan nouvo kanpay maketing Fwa ane sa a, "Find Your Great." Fwa a te kreye kanpay la ansanm avèk ajans piblisite li a, Dixon Schwabl of Rochester. Rechèch sou patisipan fwa yo endike ke moun yo fè anpil nan menm bagay yo ane apre ane e yo ka pa pran avantaj sou opòtinite pou eksperimante yon bagay nouvo ak enteresan nan fwa. Kanpay la ankouraje patisipan fwa yo pou dekouvri sa ki bon osijè fwa pou yo, epi mete aksan sou koneksyon emosyonèl moun yo gen nan Fwa kòm yon kote pou gen yon sòti avèk fanmi pwòch, yon randevou amoure oswa yon vizit enteresan avèk zanmi.

Teren Fwa Eta New York la te sibi pi gwo transfòmasyon depi li te premye ouvè pòt li nan ane 1890. Plan \$50 milyon, ke Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse a, ap revitalize teren an nan plizyè fason, amelyore kalite eksperyans patisipan fwa yo ak pi gwo benefis ekonomik pou rejyon an. Amelyorasyon yo an gen ladan nouvo Baryè prensipal dramatik —arch ki raple pòtay cha ki te akeyi patisipan fwa yo nan ane 1900, yon pi gwo espektak Wade Midway ki pral kenbe plis tour pase anvan, ak nouvo Empire RV Park avèk dlo anbatè, egou ak sèvis elektrik.

Kwadrilatè istorik teren fwa pral pi ouvè, avèk pifò vandè yo ki deplase nan nouvo zòn pwogram yo. Sa pral bay plis espas pou chita, avèk yon nouvo plaza ki toupre avèk bilding Syans ak Endistri a ke yo mete akote pou tab ak parapli. Pi gwo Midway a pral ofri koulwa ki gen plis espas avèk sèvis elektrik ki enstale anbatè, sa kap rann li pi fasil pou patisipan fwa yo deplase. Ap gen tou plis estasyon lonbraj ak zòn pou pran yon soulajman nan fen chalè ete a.

Byenke sèten eleman ka anplas, tradisyon manje, mizik ak agrikilti gwo fwa Eta New

York la pa chanje. Soti nan pomdetè ki fèt nan fou a \$1 avèk tout akonpayman ansanm avèk plis pase 500 pèfòmans mizik gratis nan teren fwa pou rive nan ekspozisyon bèt, tankou ekspozisyon nesans bèf letye, prefere fwa ap retounen. Plizyè nouvo opsyon pou amizman, ekspozisyon entè-aktif animal e yap gen pou anonse yon pi gwo divèsite nan manje ke yo pral ofri byento.

Konpleman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil “Central NY Rising,” plan konpreyansif zòn nan pou jenere gwo kwasans ekonomik ak devlopman kominotè. Eta te investi preske \$3 milya nan rejyon an depi 2012 pou depoze fondasyon pou “Central NY Rising” – kapitalize sou opòtinite mache mondyal la, ranfòse antreprenarya ak kreye yon ekonomi enkliziv. Jodia, chomaj desann nan nivo ki pi ba depi anvan Gran Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz desann; epi biznis yo ap chwazi kote tankou Syracuse, Oswego and Auburn kòm yon destinasyon pou yo grandi ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere “Central NY Rising” avèk yon investisman \$500 milyon Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Upstate la, Gouvènè Cuomo te anonse nan Desann 2015. Investisman \$500 milyon Eta a pral ankouraje biznis prive pou yo investi plis pase \$2.5 bilyon – e plan rejyon an, jan yo te soumèt li, prevwa jiska 5,900 nouvo djòb. Wap jwenn plis enfòmasyon [isit la](#).

[Fwa Eta New York la](#), ki òganize pa [Depatman Agrikilti Eta New York ak Mache yo](#), ap fonksyone kòmanse nan 25 out pou fini 5 septanm 2016. Misyon Fwa a se pou montre sa ki pi bon nan Agrikilti New York pandan lap bay bon jan kalite amizman.

Anplis Fwa anyèl Eta New York la, Fairgrounds akeyi plizyè douzèn aktivite agrikòl pandan tout ane a, sa ki gen ladan kèk nan pi prestijye ekspozisyon cheval ak betay rejyon Norheast la.

Kote yo fè Gwo Fwa Eta New York la se yon konplèks pou spektak ak espozisyon ki mezire 375 kawotè ak e ki fonksyone pandan tout ane a. W ap jwenn [pwogram evenman kap fèt pandan yon ane](#) sou [sitwèb](#) Fwa a. Chèche [The Great New York State Fair sou Facebook](#), swiv [@NYSFair on Twitter](#), epi gade foto Fwa a sou [flickr.com/photos/nysfair](#). Epi tou, Nouyòkè yo ankouraje pou voye lide yo genyen pou Gwo Fwa Eta New York lan nan adrès [statefairideas@agriculture.ny.gov](mailto:statefairideas@agriculture.ny.gov).

###

Wap jwenn lòt nouvell anplis ki disponib nan [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
New York State | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418